**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ эртаклари ва зоонимлар ҳақида айтилган. Эртаклардаги зоонимларнинг ўхшатиш, метафорик, эвфемизмлик хизмат қилиши айтилган. Зоонимларнинг инсоният ҳаётида тутган ўрни ҳайвонотларга солиштирилиб ёритилган ва мисоллар билан далилланган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассказывается о каракалпакских сказках и зоонимах. Утверждается, что зоонимы в сказках выполняют функции сравнение, метафоры, эвфемизма. Место зоонимов в жизни человека устанавливается путём сравнения с животными и примерами.

**SUMMARY.** The article is talked about Karakalpak tales and zoonyms. It is said that the zoonyms in fairy tales serve as similes, metaphors, and euphemisms. The place of zoonyms in human life is established by comparison with animals and examples.

# ҚАРАҚАЛПАҚ МАТЕМАТИКАЛЫҚ ТЕРМИНОЛОГИЯСЫНЫҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ ҲӘМ РАЎАЖЛАНЫЎЫ ҲАҚҚЫНДА

**О.Д.Нуржанов –** *физика-математика илимлериниң кандидаты, доцент*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** термин, терминология, қорақалпоқ математик терминологияси.
**Ключевые слова:** термин, терминология, каракалпакская математическая терминология.
**Key words:** term, terminology, karakalpak mathematical terminology.

Илимде, техникада, көркем өнерде, кәсипшиликте ҳәм басқада тараўларда белгили бир уғымды билдиретуғын анық түсиниги болған сөз ямаса сөз бирикпеси термин деп, ал терминлер жыйнағы терминология деп аталады [9].

Термин сөзи латынша "terminus" сөзинен алынған болып, ол шек, шегара дегенди билдиреди.

Илимий терминологиялардың бири математикалық терминология болып есапланады.

Математиканы ҳәм басқа да пәнлерди үйрениўде математикалық терминология менен математикалық символика ҳәм белгилеўлер де үлкен әҳмийетке ийе.

Басқа тиллердеги сыяқлы, қарақалпақ тилиниң илимий терминологиясы, соның ишинде оның бир бөлеги болған математикалық терминология өзиниң қәлиплесиў ҳәм раўажланыў басқышларын басып өтти.

Белгили филолог алым, профессор Е. Бердимуратов қарақалпақ тили терминологиясының қәлиплесиў ҳәм раўажланыў дәўирлерин төрт басқышқа бөледи [4]. Усы басқышлар қарақалпақ тилиндеги математикалық терминологияға да тийисли деп есаплаймыз:

I-дәўир – бул XX-әсирдиң 20-жылларына шекемги дәўир. Бул дәўирди профессор Е. Бердимуратов терминологияның туўылыў дәўири деп баҳалайды.

II-дәўир математикалық терминологияның қәлиплесиў дәўири (1920-1941-жыллар);

III-дәўир – математикалық терминологияның толығыў ҳәм жетилисиў дәўири (1941-1991-жыллар);

IV-дәўир – математикалық терминологияның ҳәзирги раўажланыў дәўири (1991-жылдан соңғы жылларды өз ишине алады).

Биринши дәўирде «улыўма халықлық тилдиң сөзлик қурамында дәслепки арнаўлы сыпатқа ийе атамалар пайда болды» [4].

Академик А.Н.Колмогоровтың жазғанындай, мәденияттың раўажланыўының ең ертедеги басқышларында предметлерди санаў натурал санлар арифметикасының ең әпиўайы түсиниклериниң жаратылыўына алып келди. Аўызша санаў системасының ислеп шығылыўы тийкарында ғана жазба санақ системасы пайда болады ҳәм кем-кемнен натурал санлар үстинде төрт арифметикалық әмеллердиң орынланыў усыллары ислеп шығылады. Өлшеў (дән муғдарын, жол узынлықларын ҳәм т.б. өлшеў) талаплары әпиўайы бөлшеклердиң атамаларының ҳәм белгилениўлериниң пайда болыўына ҳәм бөлшеклер үстинде арифметикалық әмеллерди орынлаў усылларын ислеп шығыўға алып келеди. Солай етип, ең әййемги математикалық илим – арифметиканың кем-кемнен қәлиплесиўине материал топланады. Майданларды ҳәм көлемлерди өлшеў, қурылыс техникаларының, ал кейинирек астрономияның талаплары геометрияның басламаларының раўажланыўына себепши болды. Бул процесслер көп халықларда бир қанша ғәрезсиз ҳәм параллель түрде өтти [8].

Усы басқышлардан бизиң халқымыздың да өткенлигин оның тарийхынан көриўге болады.

Қарақалпақстан жағдайында математикалық терминлердиң пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи халық билимлендириўи менен тиккелей байланыслы болды.

XX әсирдиң 20-жылларына дейинги дәўирде қарақалпақлар аймағында халықты билимлендириў ислери басланғыш диний мектеплерде ҳәм мешит-медреселерде алып барылды, тек айырым жаслар ғана Хийўа ҳәм Бухара медреселеринде тәлим алды. Аўыллардағы мектеп ҳәм медреселерде математиканы оқытыў төмен дәрежеде болып, оларда төрт арифметикалық әмеллер ҳәм басланғыш геометриялық материаллар үйренилди [5].

1873-жылы Россия империясы Хийўа ханлығын басып алғаннан кейин қарақалпақлардың тийкарғы бөлеги жасайтуғын Әмиўдәрьяның оң жағы Әмиўдәрья бөлими деген ат пенен өз алдына ҳәкимшилик болып Россияға киреди. Оның орайы Төрткүл қаласы Петро-Александровск болды. 1874-жылы Петро-Александровскте орыс мектеби ашылды ҳәм ол 1878-жылы қалалық оқыў орнына (училищеге, ал кейин жоқары басланғыш училищеге) айналды. 1880-жылы тийкарғы миллетлердиң балаларын оқыўға қатнастырыў ушын бул жерде интернат ашылды. 1885-жылы Петро-Александровскте ҳаял-қызлар оқыў орны пайда болды. 1900-жылы Шорахан ҳәм Шымбайда жергиликли орыс мектеплери иске киристи. Бул оқыў орынларында басқа пәнлер менен бир қатарда арифметика ҳәм алгебра басламалары, геометрия оқытылды [5].

Соның менен бирге, жоқарыда айтылғанындай, балалар басланғыш мектеплерде ҳәм медреселерде де оқыды. Усындай мектеплердиң саны ол дәўирде 800 ге шамалас болған, оларға орыс мектеплериниң методикалық жақтан тәсири тийип турған [7].

XX-әсирдиң 20-жылларынан баслап, әсиресе, 1924-жылы Қарақалпақ Автономиялы областы дүзилгеннен кейин Қарақалпақстанда халық билимлендириў ислерине оғада үлкен дыққат бөлине баслады.

1927-1928-жыллардан баслап қарақалпақ тилинде оқытылатуғын мектеплер ушын арнаўлы китаплар ҳәм бағдарламалар пайда болды. Мәселен, Қ. Айымбетов Алым Самай улы менен биргеликте «Есап» (Төрткүл, 1929-жыл) сабақлығын жазды ҳәм басып шығарды.

1934-жылы Төрткүлде ашылған Қарақалпақ мәмлекетлик муғаллимлер институтының физика-математика кафедрасының оқытыўшылары қарақалпақ тилинде оқытылатуғын класслар ушын математика бойынша сол гездеги дерлик барлық мектеп сабақлықларын орыс тилинен қарақалпақ тилине аўдарды. Соның менен бирге, қарақалпақ математикалық терминологиясын ислеп шығыў бойынша көп жумыслар исленди. 1939-жылы О.Болешев ҳәм А.Кокеев тәрепинен дүзилген «Математика терминлериниң орысша-қарақалпақша сөзлиги» баспадан шықты [3]. Бул математикалық терминлерге арналған биринши сөзлик еди. Бул сөзликтиң жақсы тәреплери менен бирге, бир қанша кемшиликлери де болды [6].

Қарақалпақ тилиндеги математикалық терминологияның қәлиплесиўиниң бул II-дәўиринде тийкарынан элементар математика терминологиясы қарастырылды. Сол жыллары қабыл етилген терминлердиң көпшилиги

бүгинги күнде де термин сыпатында қолланылмақта. Мысалы: математика, арифметика, геометрия, қосынды, айырма, теңлик, теңлеме, кесинди, туўры сызық, мүйеш, узынлық, үшмүйешлик, көп мүйешлик, туўры мүйеш, параллель туўрылар, катет, теорема, трапеция, параллелограмм, диагонал, биссектриса, орта сызық, хорда, доға, радиус, диаметр, шеңбер ҳәм т.б. [10].

Солай етип, бул екинши дәўирде қарақалпақ тилиндеги математикалық терминологияның толығыўына ҳәм қәлиплесиўине тийкар салынды.

Үшинши дәўир (1941-1991-жыллар) қарақалпақ математикалық терминлериниң толығыў ҳәм жетилисиў дәўири болды. Бул дәўирде 1944-жылы Муғаллимлер институты педагогикалық институтқа айналды, ал 1976-жылы усы techinститут базасында университет шөлкемлестирилди. Автономиялы Республикада мектеплер 7 жыллық, ал кейин 10, 11 жыллық билим бериўге өткерилди. Пединститутта, ал кейин университетте математикалық пәнлердиң қарақалпақ тилинде оқытылыўы кеңейди. Бул тарийхый ўақыялар Қарақалпақстанда математикалық билимлендириўдиң раўажланыўына, соның менен бирге, қарақалпақ тилиндеги математикалық терминологияның раўажланыўына да үлкен тәсир жасады.

Пединститут, соң университет оқытыўшылары арасынан илим кандидатлары, илим докторлары, доцентлер ҳәм профессорлар өсип шықты. Педагог алымлар тәрепинен математиканың ҳәр қыйлы тараўлары бойынша қарақалпақ тилинде сабақлықлар ҳәм оқыў қураллары жазылды ҳәм баспада басылып шықты. Жоқары математика бойынша қарақалпақ тилинде жазылған биринши китап доцент М.Г.Галикеевтиң «Аналитикалық геометрия курсы» болды. Бул китап 1974-жылы «Қарақалпақстан» баспасында басылып шықты.

Сондай-ақ, усы дәўирде профессор Ж.Қутлымуратовтың «Математикалық анализге кирисиў» китабы, доцентлер Б.Орымбетов ҳәм У.Раметовтың «Итималлықлар теориясына кирисиў» китабы, доцент О.Сапарниязовтың «Санлар теориясының тийкарлары» китабы, доцент Қ.Қалжановтың «Итималлықлар теориясының элементлери» китабы, доцент Х.А.Баймуратовтың «Аналитикалық геометрия» китабы, профессор А.Отаровтың ҳәм доцент Ж.Алланазаровтың «Есаплаў усыллары» (1 ҳәм 2-бөлим) китаплары, доцентлер Ҳ.Алламбергенов, С.Тажетдинов ҳәм Н.Жүзбаевтың «Алгебра ҳәм санлар теориясы» китабы, профессор С.Қосбергенов ҳәм доцент М.Ибрагимовтың «Нормаланған кеңисликлер» ҳәм «Функционаллық анализден шынығыўлар ҳәм мысаллар» оқыў қолланбалары, доцент Б.Преновтың «Математикалық анализ» пәнинен лекция текстлери, профессор Б.Отемуратов, доцентлер З.Сапаров, Б. Пренов ҳәм Б.Нурекеевтиң «Математикалық анализ» оқыў қолланбасы, доцент С.Таңирбергеновтың «Геометрия» сабақлығы ҳәм т.б. көплеген китаплар басылып шықты.

Бул китаплар арқалы студентлер математиканың ҳәр қыйлы тараўларынан жаңа математикалық уғымлар менен анықламаларды, теоремалар менен усылларды, жаңа терминлерди, символлар менен белгилеўлерди үйренеди.

1992-жылы К.Бектаев, Д.С.Насыров ҳәм М.К.Айымбетовтың «Математика терминлериниң русша-қарақалпақша сөзлиги» [2] ҳәм Х.А.Баймуратов, Ф.Н.Жапакова ҳәм О.Д.Нуржановтың «Математика бойынша түсиндирме сөзлик» китабы «Билим» баспасынан басылып шықты [1].

«Математика терминлериниң русша-қарақалпақша сөзлиги» китабы еки тиллик аўдарма сөзлик болып, онда орта мектепке ҳәм жоқары оқыў орынларына арналған математикалық әдебиятларда қолланып жүрген 20 мыңға жақын терминлер берилген. Ал, «Математика бойынша түсиндирме сөзлик» китабында математикалық әдебиятларда көп қолланып киятырған 2 мыңға жақын терминлер келтирилген болып, дәслеп терминниң русша атамасы, кейин қарақалпақ тилиндеги аталыўы келтирилип, оған сәйкес қысқаша түсиндирме берилген. Профессор Е.Бердимуратов өзиниң «Қарақалпақ тили терминлери» [4] китабында бул сөзликлердиң ҳәзирги күнде кең қолланылып атырғанын айтып, унамлы пикирлер билдирди. Әлбетте, бул сөзликлер еле де толықтырыўды, терминлерди жаңалаўды, сөзликти жетилистириўди талап ететуғыны айқын, соның менен бирге, қарақалпақ тилинде түсиндирме сөзлик жаратыўға қойылған дәслепки қәдемлер болғанлықтан, онда айырым кемшиликлер де орын алғанын айтыўымыз керек.

1991-жылдан баслап қарақалпақ тилиниң терминологиясының, сондай-ақ, оның математикалық терминологиясының да ҳәзирги раўажланыў дәўири басланды.

Бул дәўир халқымыздың барлық тараўларда, соннан илим ҳәм билимлендириў тараўларында ерискен табыслары менен тығыз байланыслы.

Бул дәўирде Қарақалпақстанда орта мектеплер менен бирге академиялық лицейлердиң, кәсип-өнер колледжлериниң, ал соңғы жыллары қайтадан техникумлардың жумыс ислеўи, жаңа жоқары оқыў орынларының ашылыўы, математика бойынша илим докторларының көбейиўи, мектеп ҳәм жоқары оқыў орынлары ушын математика бойынша оқыў әдебиятларының көплеп қарақалпақ тилинде басып шығарылыўы математикалық терминологияның бүгинги өсиў, раўажланыў дәрежесин тәмийинледи.

Илимий-техникалық прогресс, математика илиминиң раўажланыўы терминология тараўында да жаңа машқалаларды пайда етеди ҳәм оларды шешиў ўазыйпаларын алдыға қояды.

Қарақалпақша математикалық терминлер қорын толықтырыў, жаңалап барыў, терминлерди турақландырыў, оларды унификациялаў математикалық терминлер бойынша арнаўлы илимий-изертлеў жумысларын алып барыўды талап етеди. Қарақалпақ математикалық терминологиясы машқалаларын илимий семинарларда, арнаўлы илимий конференцияларда қараў, белгили шешимлерди қабыл етиў мәселелери еле де күн тәртибинде болыўы тийис.

Баспа сөзде, республикалық газета ҳәм журналларда терминология машқалаларын жәриялап барыў, олар бойынша пикир алысыўларды, талқылаўларды шөлкемлестириў, тәжирийбели педагог математиклердиң Республикалық терминологиялық комиссия жумысларына белсенди түрде қатнасыўына, жаңа терминлерди терминологиялық комиссия тәрепинен бекитилиўине ерисиўге дыққат бөлиниўи жақсы нәтийжелер беретуғыны анық.

**Әдебиятлар**


1. Баймуратов Х.А., Жапакова Ф.Н., Нуржанов О.Д. Математика бойынша түсиндирме сөзлик. –Н.: «Билим», 1992. 304-б.
2. Бектаев К., Насыров Д.С., Айымбетов М.К. Математика терминлериниң русша-қарақалпақша сөзлиги. –Н: «Билим», 1992. 436- б.
3. Болешов О., Кокеев А. Математика терминлериниң русша-қарақалпақша сөзлиги. –Төрткүл: 1939.
4. Berdimuratov E. Qaraqalpaq tili terminleri. – Nókis: «Bilim», 1999. 184-b.
5. Дуйсенгалиев Дж. Постановка преподавания математики в дореволюционных школах Каракалпакии. – Нукус: Каракалпакское гос. изд., 1960. –С. 72.
6. Дуйсенгалиев Дж. О некоторых вопросах каракалпакской математической терминологии // Труды Каракалпакского пединститута, вып. 2. – Нукус: «Каракалпакстан», 1964. – С. 227-234.
7. Камалов С., Кощанов Ә. Қарақалпақстан тарийхы. – Нөкис: «Билим», 1993. 200- б.
8. Колмогоров А.Н. Математика в её историческом развитии. – Москва: «Наука», 1991. –С. 224.
9. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, 4-том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. 636- б.
10. Рывкин Н. Геометрия мәселелер жыйнағы, биринши бөлим. –Мәскеў: 1935. 3-5-б.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ тилидаги математик терминологиянинг шаклланиши ва ривожи ҳақида сўз юритилган.
**РЕЗЮМЕ.** В статье идёт речь о формировании и развитии каракалпакской математической терминологии.
**SUMMARY**. The article deals with the formation and development of the karakalpak mathematical terminology.

# ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНДЕГИ АФФИКС МОРФЕМАЛАРДЫҢ ТҮРЛЕРИ

**А.Қ.Оразымбетов** – *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** морфология, сўз, сўз ясалиши, сўз ўзгариши, морфемика, морфема, аффикс, суффикс, постфикс, префикс, флексия, инфикс, унификс.
**Ключевые слова:** морфология, слова, словообразование, словоизменение, морфемика, морфема, аффикс, суффикс, постфикс, префикс, флексия, инфикс, унификс.
**Key words:** morphology, words, word formation, word change, morphemics, morpheme, affix, suffix, postfix, prefix, inflection, infix, unifix.

Сөздин ең киши мәни анлатыўшы бөлегинин бири болған көмекши морфемалардын (аффикс) конкрет бир тилдеги қолланылыўын, атқаратуғын хызметлерин анықлаў хәм түрлерге бөлиў хәзирги морфемиканың әхмийетли мәселелеринин бири болып табылады. Аффикслер, биринщиден, сөз қурамындағы атқаратуғын хызметине қарай, екиншиден, сөздеги түбирге хәм бир-бирине катнаслы өз ара орнына қарай түрлерге бөлинеди. Барлық тиллерде аффикслер сөз қурамында атқаратуғын хызметине сәйкес сөз жасаўшы, форма жасаўшы ҳәм сөз өзгертиўши болып үш түрге бөлинеди.

Дүнья тиллеринде аффикс морфемалардың яғный аффикслердиң сөздиң қурамында қолланылыў орнына қарай суффикс, постфикс, префикс, флексия, интерфикс, инфикс, циркумфикс (конфикс), трансфикс (диффикс), унификс, симульфикс, дисфикс т.б. бир неше түрлери бар. Бул көрсетилген аффикслер дүнья тиллериниң типологиялық өзгешеликлерине қарай ҳәр түрли тиллерде қолланылыў дәрежеси ҳәр қыйлы болып келеди.

Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги аффикс морфемалар сөзлердиң қурылысындағы орнына қарай суффикс, постфикс, жалғаў (флексия) сыяқлы үш түрге [9:9] ямаса суффикс, постфикс, префикс, жалғаў сыяқлы төрт түрге [3:14] бөлинеди деп көрсетиледи. Тил материалларын анализлеп қарағанымызда тилимизде аффикслердиң буннан басқа түрлери де ушырасатуғынлығын көриўге болады. (Кестеге қараң).

**Аффикслердиң түрлери**

| Аффикслер | Схемасы | Сыпатламасы | Мысалы | |
|---|---|---|---|---|
| | | | **Дүнья тиллеринде** | **Қарақалпақ тилинде** |
| Суффикс | **түбир**-суффикс | Сөз түбириниң кейнинде келеди. | Рус*: лес**ник**, футбол**ист*** | *балық-**шы**, кеўил-**ли*** |
| Постфикс | **түбир** - флексия -постфикс | Сөз түбириниң кейнинде жалғаўдан соң келеди. | Рус*: держать-**ся**, улыбала-**сь**, идём-**те*** | *қаҳарман-лар-**ша**, үй-де-**ги*** |
| Префикс | префикс- **түбир** | Сөз түбириниң алдында келеди. | Рус: ***про**смотреть, **за**читать* | ***бий**-қайғы, **на**-қолай* |
| Флексия | **түбир** - флексия | Сөз түбириниң кейнинде келеди. | Рус: *беж-**ит**, весёл-**ый*** | *мектеп-**те**, оқы-**ды*** |
| Интерфикс | **түбир**-интерфикс-**түбир** | Еки сөзди (морфеманы) бир-бири менен байланыстырады. | Рус*: сам -о- лёт,*<br>*латын: class -i- ficatio* | *усы-**н**-да, уна-**м**-лы,*<br>*кел-**е**-шек* |
| Инфикс | **тү** -инфикс-**бир** | Сөз түбириниң ишинде келеди. | Латын тили:<br>*fidit* – ол бөлинди,<br>*fi**n**dit* – ол бөлинеди<br>(***-n-*** инфикс)<br>тагал (филиппин) тили:<br>*hanap - излеў.*<br>*h**um**anap – изледи (**-um-** инфикс)* | *ма-**ға**-н, са-**ға**-н,* (***-ға-*** инфикс)<br>*ысы (фейил)*<br>*ыс**с**ы (келбетлик)*<br>(***-с-*** инфикс) |
| Циркумфикс (конфикс) | циркум- **түбир** -фикс | Қосымтаның бир бөлеги түбирден бурын, екиншиси оннан кейин келеди. | Немис тили:<br>*mash (ислеў)*<br>***ge**-mach-**t** (исленген)* | |
| Трансфикс | **тү**-трансфикс-**би**-трансфикс- **р** | Бунда түбир үш даўыссыз сес болып, сөздиң мәниси менен формасы олардың арасындағы даўыслы селерге (-i, -a, -u) байланыслы болады. | Араб тили:<br>*k**i**t**a**b- китап,*<br>*k**a**t**i**b-жазыўшы,*<br>*k**u**t**a**b –жазды.* | |
| Унификс | **түбир**-суффикс, префикс- **түбир** | Унификс - уникал аффикс, сөздиң басқа сөзлерде қайталанбайтуғын бөлекшеси (суффикс ямаса префикс). | *почт - амт,*<br>*жен - их,*<br>*аван - сцена.* | *қос-тар*<br>*ала-ғат,*<br>*бат-ыл* |
| Симульфикс | **тү** -симульфикс-**бир** | Симульфикс – жаңа форма жасаў ушын түбирдеги бир ямаса бир неше фонемаларды өзгертиўди қамтыйтуғын аффикс. | Инглис тили:<br>*t**oo**th* (тис) - *t**ee**th (тислер)*<br>*m**a**n* (еркек) - *m**e**n(еркеклер)* | |
| Дисфикс | **тү~~бир~~** | Түбир бөлегиниң элизиясы. Кесилген сегменттиң өзи дисфикс емес, өйткени ол түбирдиң бөлеги болып табылады. | Алабама тили:<br>*tip~~as~~li –бузыў*<br>*tipli- ўайран етиў* | |